



Deklarasyon pou Laprès

Pou Piblikasyon Imedya:

1ye me 2024

Kontak pou Medya: SPLC Press Office

press@splcenter.org

SPLC Denonse Nouvo Lwa Georgia Kont Imigran yo

ATLANTA — Jodi an, [Southern Poverty Law Center](#) an te denonse desizyon Gouvènè Georgia Brian Kemp pou siyen [HB 1105](#) pou l vin yon lwa. Nouvo lwa a egzije ajans aplikasyon lalwa yo nan nivo Eta a ak lokal yo pou yo fè kontra avèk gouvènman federal la pou yo fè devwa imigrasyon yo, tankou kenbe moun Polis Imigrasyon ak Dwann yo (*Immigration and Customs Enforcement*, ICE) kwè ki ta ka tonbe anba depòtasyon epi kreye yon baz done ADN sou imigran yo nan sistèm legal Eta a.

“HB 1105 se yon pwojè lwa kont imigran ki koute chè ki fòse lapolis Eta ak lokal yo sèvi kòm ajan ranfòsman imigrasyon,” **Efrén C. Olivares, direktè litij estratejik, SPLC lan di.** “Nouvo lwa sa a pral gen yon gwo enpak sou sekirite piblik ki pral rann kominote nou yo vin mwens ansekirite.

“Gen mwens chans pou moun yo rapòte krim, kominike avèk lapolis epi chèche asistans gouvènman an ki gen rapò ak sekirite piblik. Nou menm tou nou gen enkyetid li pral lakoz plis pwofilaj rasyal ak fo anprizonman nan Georgia,” **Olivares te kontinye pou l di.**

“Moun ak fanmi yo nan Georgia, kèlkeswa orijin nasyonal yo, yo tout vle pou yo ansekirite epi chèche pi bon opòtinite pou fanmi yo men HB 1105 rann objektif debaz sa yo pi difisil pou atenn yo.” **Olivares te fini pou l di.**

###